

Ki responsablite m?

Ou dwe kenbe dosye chak jou sou kantite repa yo sèvi pou timoun w ap okipe yo, ak meni ki montre manje ou te sèvi a. Esponnsò CACFP ou a ap ede w aprann kijan pou w fè sa.

Kilè pou m aplike?

Ou ka aplike lè ou gen yon enskripsyon oswa yon sètifika lisans ki valid, oswa ou si ou nan pwosesis pou jwenn youn nan Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi (Office of Children and Family Services, OCFS). Founisè ki egzante legalman yo ka aplike lè yo genyen yon Avi Enskripsyon.

Kijan pou m Kòmanse?

Rele pou ka jwenn esponnsò CACFP pou founisè gadri ki tou pre w la. L ap ede w antre nan pwogram nan gratis.

Kibò pou m rele pou m jwenn yon pwomotè CACFP?

Rele gratis Liy Asistans Grandi an Sante a (Growing Up Healthy) nan **1-800-522-5006**.



Ou kapab rele tou New York State Department of Health CACFP la nan:

CACFP

Child and Adult Care Food Program
New York State Department of Health

150 Broadway, Room 600
Albany, NY 12204
1-800-942-3858 (nan New York sèlman)
(518) 402-7251
Faks (518) 402-7252
cacfp@health.ny.gov
health.ny.gov/CACFP

Enstitisyon sa a bay tout moun menm posiblite.

Swiv nou sou:
health.ny.gov
facebook.com/NYSDOH
twitter.com/HealthNYGov
youtube.com/NYSDOH



Department
of Health

Yon bon alimantasyon nan gadri yo rapòte!



Gadri w la kapab kalifye pou antre nan yon pwogram manje ki ede peye pou repa ak goute ou bay timoun yo.

CACFP

Child and Adult Care Food Program
New York State Department of Health



Child And Adult Care Food Program (Pwogram Manje pou Okipe Timoun avèk Granmoun, CACFP)

Èske ou okipe timoun lakay ou pandan paran yo al travay oswa lekòl? Èske ou t a renmen sèvi timoun ki nan gadri lakay ou yo manje ki bon pou lasante?

Antre nan CACFP Depatman Sante Eta New York la!

Pwogram manje sa a ede w peye pou repa ak goute ou bay timoun ki gen rive jiska 13 lane ki enskri nan gadri w la. Pifò founisè sèvis gadri lakay yo kalifye – e enskri nan pwogram nan gratis.



Kisa avantaj CACFP yo ye?

- Timoun yo resevwa repa ak goute ki nourisan epi devlope bon abitud nan manje ki pral dire pou tout lavi yo.
- Paran yo konnen pitit yo ap manje manje ak goute ki bon pou lasante, e ki san danje. Paran yo pa gen pou met manje nan bwat pou pote nan gadri a.
- Founisè yo resevwa fòmasyon ak konsèy regilyèman sou anpil sijè sou alimantasyon, moman y ap bay manje yo avèk devlopman timoun. Ranbousman an ede founisè yo achte manje ki pi bon pou lasante.
- Kominote yo jwenn avantaj atravè CACFP. Etid yo montre ke timoun ki enskri nan CACFP yo genyen rejim ki pi bon pou sante yo epi yo pa malad osi souvan ke lòt timoun yo. Pèman CACFP bay founisè yo ede yo redui kou gadri a pou fanmi k ap travay yo.

Konbyen kòb m ap jwenn?

Chèk mansyèl ou pou manje a baze sou ki repa ak goute ou bay ak kantite timoun k ap manje. Founisè sèvis gadri ki sèvi fanmi ki gen revni ki fèb yo resevwa yon pi gwo ranbousman.

Kisa egzijans yo ye pou repa yo?

Egzijans pou repa yo senp, e yo pèmèt yon anpil manje diferan, ikonpri preferans etnik ak kiltirèl.

Manje maten an gen ladan lèt, fwi oswa legim, avèk pen oswa grenn. Ou kapab bay vyann oswa yon ranplasman vyann nan plas grenn oswa pen an, jiska twa fwa pa semèn.

Manje Midi a **avèk Soupe** a dwe genyen lèt, pen oswa grenn, vyann oswa ranplasman vyann (tankou pwason, fwomaj oswa pwa), avèk de legim, oswa yon legim ak yon fwi.

Goute yo gen ladan yo omwen de nan bagay sa yo: lèt, vyann oswa ranplasman vyann, pen oswa grenn, oubyen legim oswa fwi.

Kimoun ki ka jwenn lajan an?

- Founisè ki anrejistre pou sèvis gadri pou fanmi
- Founisè ki agreye pou sèvis gadri an gwoup pou fanmi
- Founisè ki egzante legalman, oswa ki enfòmèl, ki resevwa pèman pou sèvis gadri nan men yon konte oswa yon ajans minisipal.

